

SATOUT MOUN TA DWE KONNEN SOU ASIRANS POU PWOPRIYETÈ KAY AN FLORID

www.federalinsurancereform.org | (754) 200-4538 | @FAIRwatch

LÈ W AP CHÈCHE ASIRANS PWOPRIYETE AN FLORID:

Pran plizyè pwofòma - Kontakte youn oswa plizyè ajan asirans epi mande pwofòma nan plizyè konpayi asirans. Diferan konpayi ofri diferan asirans ak pri. Li enpòtan pou w jwenn sa ki pi bon pou ou menm ak kay ou. Sonje byen, yon ajan ka reprezante plis pase yon konpayi asirans..

Li avèk anpil atansyon epi poze kesyon - Pandan pwosesis rechèch ak souskripsyon an, li avèk anpil atansyon tout dokiman yo epi reponn tout kesyon. TOUJOU mande ajan ou klarifikasyon sou diferan aspè asirans la oswa sou kesyon ou pa konprann totalman. Li enpòtan pou w pa volontèman eskli oswa bay enfòmasyon ki pa kòrèk.

Verifye - Evite pou w pa viktim anba fwod lè w pran tan pou w verifye si konpayi, koutye, ak/oswa ajan ou ap travay avèk yo a gen lisans epi yo an règ avèk eta a. Vizite www.myfloridacfo.com/Division/Consumers/PurchasingInsurance/ oswa rele Liy Dirèk pou Ede Konsomatè DFS nan (877) 693-5236 pou w ka verifye.

E si ou pa kapab jwenn yon asirans?

Malerezman, eta mache asirans pwopriyete nan Florid la mete kèk konsomatè nan pozisyon kote asirans yo pa renouvle epi/oswa yo pa ka jwenn pwoteksyon altènatif pou pwopriyete kay sou mache prive a. Si sa rive ou, gen kèk resous an plas pou eseye ede moun.

Pwogram Asistans Mache Florid (FMAP) - FMAP se yon sèvis gratis pou ede asosye konsomatè ak ajan ki ka jwenn asirans nan yon konpayi asirans otorize. Ou va bezwen bay enfòmasyon debaz sou pwopriyete a. Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo nan (1) yon kontra asirans pwopriyete aktyèl oswa ki pase, (2) evalyasyon pwopriyete a, oswa (3) biwo lokal evalyatè konte w la.

Asirans Pwopriyete Citizens - Lejislati Florid la te kreye Citizens pou bay asirans pou pwopriyete kay Florid ki elijib, men ki pa kapab jwenn asirans sou mache prive, menmsi gen kèk restriksyon ki aplike. Remake byen ke byenke asirans sa yo pi limite pase asirans prive, yo pi bon pase pa gen asirans ditou.

Mache E&S – An dènye rekou, ou ka oblije ale sou mache Excess & Surplus Lines (E&S) pou w ka jwenn asirans. Founisè E&S yo ranpli vid ki genyen sou mache asirans lan men yo PA founisè ke eta a regilyèman admèt. Pakonsekan, asirans ESL yo ka manke sèten pwoteksyon pou konsomatè epi Florida Insurance Guarantee Association pa apiye yo. Li espesyalman enpòtan pou w revize chak kontra asirans E&S avèk anpil atansyon epi mande klarifikasyon si w pa konprann dispozisyon ki nan kontra a.

DETAY SOU NOU

FAIR oswa Asosyasyon Federal pou Refòm Asirans se yon òganizasyon ki pa patizan anyen, ki pa la pou fè pwofi ki nan zòn Fort Lauderdale, Florid. FAIR gen misyon pou asire konsomatè yo gen aksè a bon kalite asirans pou yon pri abòdab, atravè kontra asirans piblik ekilibre. Pou w aprann plis vizite, www.federalinsurancereform.org oswa kontakte nou nan (754) 200-4538.

ASIRANS PWOPRIYETE AN FLORID OU: SIJÈ ENPÒTAN POU W KONPRANN



Pwoteksyon

- Kantite Pwoteksyon - Yon pati enpòtan nan kèlkeswa kontra asirans se kantite pwoteksyon li bay pou estrikti a, kontni, elatriye. Li enpòtan pou ou kenbe yon kantite pwoteksyon adekwat pou ou kapab rebati pwopriyete w la.
- Tip Pwoteksyon Asirans:
 - a) Valè Kou Ranplasman – Va peye kou pou ranplase/repare pwopriyete ki domaje a san retire anyen pou depresyasyon.
 - b) Valè Reyèl an Lajan Kach – Va peye kou pou ranplase/repare pwopriyete ki domaje a mwens depresyasyon pou laj ak itilizasyon. Pa egzanp, si yo prevwa pou twati a dire 20 ane epi li te gen 17 ane nan moman domaj la, valè kou ranplasman an va pi elve pase Valè Reyèl an Lajan Kach la.
- Kisa ki se yon kantite pwoteksyon adekwat? Depatman Sèvis Finansye Florid rekòmande pou konsomatè yo PA konte sou pri acha pwopriyete yo, montan ipotèk la, oswa valè taks kay yo. Pwoteksyon adekwat dwe montan lajan ki nesèsè pou rebati kay la ak kou materyèl ak mendèv nan tan kounye a.
 - Li enpòtan pou fè yon revizyon anyèl kontra asirans ou pou ou sèten ke ou gen ase pwoteksyon. Pati ou ajoute, amelyorasyon ki fèt nan kay la, ak chanjman ekonomik se kèk bagay ki ta ka gen enpak sou valè pwopriyete w la.
- Envantè Kay - Prepare yon envantè zafè pèsònèl ou gen nan kay la ka ede w nan revizyon anyèl ou an epi li ka fè pwosesis reklamasyon an pi fasil! Yon fason rapid pou w fè sa, se fè videyo andedan ak deyò kay ou a, pandan ou ap asire ke ou videyografye zafè pèsònèl ou, èvda, elatriye.



Dediktib

- Dediktib - Yon dediktib se montan lajan pwopriyete asirans lan peye anvan asirans lan kòmanse peye pou pèt ki gen pwoteksyon yo. Majorité asirans an Florid gen ladan dediktib estanda pou tout danje ou ak yon dediktib pou siklòn, kèk ladan yo ka gen tou yon dediktib pou teren ki defale. Konprann dediktib ou a (yo) ak fason li fonksyone, sa va evite depans sanzatan lè w ap soumèt yon reklamasyon.
 - a) Dediktib pou tout danje - Aplike pou domaj ki gen pwoteksyon ke se pa yon siklòn yo bay non ki lakoz li (egzanp vòl, dife, zèklè, elatriye). Anjeneral, dediktib sa a se yon montan lajan.
 - b) Dediktib pou siklòn - Aplike pou domaj ki soti nan yon siklòn yo bay non ke Sèvis Meteyowolojik Nasyonal deklare. Dediktib pou siklòn lan aplike yon fwa pa ane (avèk menm konpayi asirans lan), men si yon dezyèm siklòn frape w nan menm ane a, li ka nesèsè pou w peye dediktib "tout danje" ki dekri pi wo a.
 - Dediktib pou siklòn, anjeneral, se yon pousantaj nan limit asirans lan. Pa egzanp, yon 10% dediktib pou siklòn sou yon asirans \$500,000, li ta dwedwe \$50,000.
 - c) Deductibl pou teren ki defale - Aplike pou domaj yon teren ki defale te lakoz.

Kontra asirans estanda pou pwopriyete kay la PA bay pwoteksyon kont inondasyon.

Ou ka achte asirans kont inondasyon nan Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon, konpayi asirans prive, oswa kòm yon pati ajoute sou asirans ou an. Mande ajan asirans an epi pran yon pwoteksyonjodi a!

Inondasyon se dezaz natirèl ki pi kouran e ki koute pi chè! FAIR rekòmande pou tout moun achte asirans kont inondasyon.

RESOUS ADISYONÈL:

Pou plis enfòmasyon sou asirans pou pwopriyete kay ak sijè ki gen rapò ak sa, tcheke kèk nan resous itil sa yo:

Biwo Defansè Konsomatè Asirans Florid: Jwenn yon varyete materyèl edikatif ak enfòmasyon sou dwa konsomatè ou nan lang angle, panyòl, ak kreyòl, epi kontakte biwo a dirèkteman si ou gen kesyon, enkyetid, oswa pwoblèm. Vizite: www.myfloridacfo.com/division/ica/consumeroutreach oswa kontakte biwo a nan (850) 413-5923 ak YourFLVoice@MyFloridaCFO.com.

Biwo Ofisye Finansye an Chèf Florid, Divizyon Sèvis Konsomatè: Jwenn yon varyete materyèl, edikatif verifye ajan ak konpayi yo, epi jwenn èd pou asirans. Vizite: <https://www.myfloridacfo.com/Division/consumers/> oswa kontakte liy asistans gratis la nan (877) 693-5236.

Enstiti Enfòmasyon sou Asirans: Aprann plis sou endistri a, espesifisite asirans, ak preparasyon pou katastwòf. Vizite: <https://www.iii.org/>.